



Mizajou sou Eliminasyon Pwodui Chimik nan Rafinri a nan St. Croix

Kisa k ap pase nan rafinri a nan St. Croix?

Eliminasyon amonyak la te kòmanse 10 Me 2023 epi li te fini 14 Me. EPA kontinye sipèvize travay pou retire likid amin yo ak vapè ki rete yo nan inite ki gen amin yo. Eliminasyon solisyon ki gen anpil amin nan te kòmanse nan dat 25 Avril epi l ap kontinye. Faz eliminasyon vapè a te kòmanse nan dat 20 Me. Dapre kalandriye a, EPA atann pou retire tout amin yo nan sistèm nan dis fen mwa Jen. Eliminasyon Gaz Petwòl Likefyè (LPG) te kòmanse nan dat 20 Me.

Ki kantite amonyak y ap retire?

Sou sipèvizyon EPA a, kontraktè espesyalize yo te retire apeprè 8400 galon amonyak likid kalite endistriyèl ki estoke kounye a nan rafinri an. Plan aktyèl la se pou yo vann likid amonyak la bay yon lòt konpayi (deyò zile) epi dlo amonyetik yo pral estoke sou plas jiskaske yo detèmine dispozisyon final.

Ki risk ki gen pou sante si yo jete pwodui chimik yo?

Ekspozisyon a nenpòt nan kat pwodwi chimik yo, amonyak, silfi idwojèn, diyoksid souf ak oksid azòt, ka lakoz iritasyon nan je, nen, gòj ak poumon, ak nan sistèm respiratwa a, oswa domaj ki pi grav.

Kisa tip amonyak endistriyèl oswa amonyak anid la ye?

Amonyak se yon gaz san koulè ki gen yon odè ki diferan anpil. Anpil moun abitye ak odè amonyak la paske li itilize nan sèl odoran, nan anpil pwodwi pou fè netwayaj nan kay, ak nan pwodwi pou netwaye vit yo.

Amonyak anid oswa amonyak kalite endistriyèl la genyen ti kras dlo toupiti epi li pi solid pase amonyak yo itilize nan pwodwi pou netwaye kay yo. Yo te itilize l nan rafinri a antanke yon aditif nan yon sistèm ki te konn pwodwi gazolin.

Èske amonyak kalite endistriyèl la danjere?

Amonyak anid, se yon pwodwi chimik endistriyèl ki danjere. Sentòm ki gen rapò ak ekspozisyon nan amonyak la, ni sou fòm likid ni sou fòm gaz, gen ladan zye ki vin wouj, iritasyon nan gòj oswa nan poumon, tous, ak yon sansasyon ke w ap toufe.

Kisa amin oswa amin rich ye?

Yon sistèm amin sèvi ak yon solisyon pwodwi chimik espesifik, ki rele alkilamin, pou retire silfi idwojèn ak gaz kabonik nan flo gaz rafinri yo. Yo retire silfi idwojèn ak gaz kabonik nan gaz rafinri pou amelyore sekirite, anpeche lawouj, ak satisfè règleman anviwònman an. Lè gen silfi idwojèn nan solisyon amin nan, yo konsidere l kòm yon solisyon amin ki “rich”.

Kisa gaz petwòl likefyè (LPG) ye?

Gaz petwòl likefyè, oswa LPG, se yon gaz ki gen yon melanj enflamab gaz idwokabi. Anjeneral yo estoke LPG andedan yon veso presyon pou kenbe gaz la nan yon eta likid. Jeneralman LPG pa gen okenn odè sof si yo

enjekte yon pwodui chimik nan gaz la pou fè l gen sant. Yo **pa** t ajoute pwodui chimik ki lakòz odè nan LPG ki estoke nan etablisman an, kidonk pa gen okenn odè ki asosye ak materyèl sa a.

Ki kantite amin ak LPG y ap retire?

Anba sipèvizyon EPA, kontraktè espesyalize yo te retire apeprè 290,000 galon likid amin rich nan ekipman etablisman an rive 25 me. Pou rive kounye a, yo estime ke apeprè 30,000 galon likid amin toujou bezwen transfere soti nan inite amin yo ak nan resipyan transpòtasyon yo. Eliminasyon likid GPL a nan ekipman enstalasyon an ap fèt aktyèlman epi yo pral transpòte l deyò zile a pou eliminasyon kòrèkteman. Y ap trete vapè amin yo, epi y ap kolekte solisyon netwayaj yo nan resipyan espesyalize pou eliminasyon. Pandan y ap transfere likid LPG a, yo pral dirije vapè yo nan yon ekipman espesyal ki rele yon oksidan tèmik, ki pral boule oswa detwi vapè yo.

Èske solisyon ki gen anpil amin ak LPG yo danjere?

Jeneralman amin yo gen yon odè pwason. Sentom ki gen rapò ak ekspozisyon amin yo genyen ladan yo: iritasyon nan zye ak pwoblèm vizyèl tankou vizyon twoub. Solisyon amin ki nan etablisman an gen silfi idwojèn, yon gaz san koulè ki gen yon odè ze trè fò. Ekspozisyon ba nivo konsantrasyon silfi idwojèn ka lakoz iritasyon nan zye ak sistèm respiratwa, vètij, tèt fè mal, chimerik, ak kè plen. Ekspozisyon nan gwo konsantrasyon ka lakoz tranbleman ak kriz.

LPG se yon gaz ki limen trè fasil ki reprezante yon danje ensandi (dife) lè li pa byen estoke. Sentom ekspozisyon a LPG gen ladan tèt fè mal, anvi dòmi, ak vètij. Piske LPG pi lou pase lè a, l ap akimile tou pre atè a.

Yo ka pwodui diyoksid souf ak diyoksid azòt lè y ap itilize yon oksidan tèmik pou boule vapè LPG yo. Diyoksid souf se yon gaz ki pa ka pran dife, san koulè ki gen yon odè fò tankou kawotchou k ap boule. Sentom ekspozisyon a diyoksid souf ka gen ladan difikilte pou respire, chanjman nan kapasite pou respire pwofondman, epi nen ak gòj boule. Diyoksid azòt se yon gaz ki pa ka pran dife epi san koulè pou rive koulè mawon ki gen yon odè fò, ki brit. Fèb nivo diyoksid azòt ka irite zye yo, nen an, gòj ak poumon yo, li posib pou li fè w touse epi gen souf kout, fatig, ak noze.

Pou jwenn plis enfòmasyon ak repons pou kesyon sou sante moun poze souvan, vizite [Pòtay pou Sibstans Toksik](#) nan Rejis Ajans pou Sibstans Toksik ak Maladi a: <https://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/tfacts126.pdf>

Kontak pou Kominote EPA yo: Zeno Bain ak Philip Parker nan StCroix@epa.gov

Liy Asistans Gratis EPA a: (866) 462-4789

Sit Entènèt Rafinri St. Croix EPA a: www.epa.gov/vi/refinery-st-croix-us-virgin-islands


Sitwèb Kontwòl kalite Lè Kominotè EPA: <https://phrt-epa.hub.arcgis.com/>

Sit entènèt VITEMA: www.vitema.vi.gov

Kijan yo pral pwoteje piblik la?

Anplis pèsònèl EPA ki sipèvizè travay retire pwodui chimik yo, EPA pral kontwòle kalite lè a vennkat sou vennkat. Yo endike anplasman pou kontwòl lè yo pi ba a. EPA ap afiche rezilta pou kontwòl lè yo nan tan reyèl sou [Rafinri EPA a sou sit Entènèt St Croix a: https://phrt-epa.hub.arcgis.com/](https://phrt-epa.hub.arcgis.com/). EPA pral kontinye fè kowòdinasyon rapwoche ak ajans jesyon ijans ak anviwònman gouvènman Zile Vyèj Etazini yo. Ajans Jesyon Ijans Teritwa Zile Vyèj yo (Virgin Islands Territorial Emergency Management Agency, VITEMA) se ajans ki fè kowòdinasyon ak Zile Vyèj Etazini yo pou preprasyon ak entèkansyon dijans.

Kat Lokal pou Kontwòl Lè EPA a



Fason pou Rete Ajou

Pou yo rete enfòmè pandan travay retire pwodui chimik yo, rezidan yo kapab:

1. Kontwòle kondisyon kalite lè a nan tan reyèl ki disponib sou sit entènèt piblik EPA pou etablisman PHRT a nan <https://phrt-epa.hub.arcgis.com/>.
2. Enskri pou resevwa avètisman nan Sistèm Alert VI VITEMA a nan <https://member.everbridge.net/892807736729008/new>.
3. Swiv mizajou otorite lokal yo, ki gen ladan enfòmasyon yo bay pandan mizajou chak semèn Gouvènè a.
4. Siveye telefòn pòtab ou pou kapab resevwa difizyon notifikasyon nan men ajans lokal yo, tankou VITEMA.